



Sèvis Relasyon Kominotè (CRS) Depatman Jistis Etazini

Travay avèk

kominote Mizilman, Arab, Sikh, Sid Azi ak Endou yo

CRS sèvi kòm "Ajan Lapè Amerika" pou kominote ki nan konfli yo nan fè medyatè nan diskisyon yo ak amelyore kapasite kominote a poukont li pou evite ak rezoud konfli yo nan lavni.

Daprè Tit X Lwa sou Dwa Sivil 1964 yo ak Anpèchman Krim Rayisans Lwa 2009 Matthew Shepard ak James Byrd, Jr. la, CRS reponn nan konfli kominotè ki rive lakoz diferans nan ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, oswa andikap. CRS pa gen otorite lapolis oswa lajistis. Olye de sa, CRS travay avèk kominote ki nan konfli yo pou ede rebati relasyon yo, fasilite konpreyansyon youn ak lòt, epi ankouraje devlopman solisyon lokal yo.

Medyatè CRS yo travay dirèkteman ak ofisyèl leta ak lokal yo, òganizasyon kominotè yo, defansè kominote ak dwa sivil yo, gwoup ki baze sou lafwa yo, ak lapolis sou yon baz volontè. CRS sèvi kòm yon pati ki net, epi sèvis li yo gratis ak konfidansyèl.

CRS ofri kat (4) sèvis inik bay kominote yo: ▼

Fasilite Dyalòg. CRS fasilite dyalòg ant moun yo ki gen enterè nan kominote a pou louvri liy komunikasyon ant pati yo. Sijè ki souvan abòde yo gen ladan swadizan diskriminasyon, relasyon lapolis ak kominote yo, krim rayisans yo ak ensidan rayisans, konfli tribi yo, pwotestasyon ak manifestasyon yo, ak lòt pwoblèm enpòtan pou manm kominote yo.

Fòmasyon. Pwogram fòmasyon CRS reyini reprezantan ki soti nan ajans gouvènman leta ak lokal yo, òganizasyon yo ki baze sou lafwa, lapolis, gwoup defans yo, ak lòt gwoup pou devlope menm konpreyansyon ak idantifye apwòch kolaborasyon yo pou diminye konfli kominotè yo.

Medyasyon. CRS bay sèvis medyasyon pou ede kominote yo rezoud konfli ak tansyon yo nan negosyasyon fasafas ant moun ki gen enterè yo. Objektif medyasyon an se devlope akò yo ant manm kominote yo pou ogmante konfyans, amelyore patenarya kominotè yo, ak bati kapasite lokal yo pou evite ak reponn a konfli yo nan lavni.

Konsiltasyon. CRS ofri sèvis konsiltasyon pou ede kominote yo reponn pi efikasan nan konfli yo. Sèvis sa yo gen ladan asistans teknik nan fòmasyon nan komisyon relasyon pou moun; pi bon pratik pou angaje ak divès kominote yo; ak antrenè sou pwoblèm komunikasyon, rezolisyon sou dispit, ak ansanb pou rezoud pwoblèm.

Sèvis Kominotè Relasyon (CRS) Depatman Jistis bay sèvis nan kominote atravè Etazini, ki gen ladan òganizasyon Mizilman, Arab, Sikh, Sid Azyatik, ak Endou (MASSAH) yo, pou diminye konfli kominote yo ak tansyon yo ak sipò travay yo pou evite ak reponn kont krim rayisans ak ensidan yo. CRS ap travay lontan ak gwoup MASSAH yo an kolaborasyon ak lapolis, gouvènman, ak lòt moun yo ki gen enterè nan kominote a.

CRS sipòte kominote MASSAH yo: ▼

CRS angaje nan travay avèk kominote MASSAH yo pou anpeche e reponn sou konfli yo, tansyon yo, krim rayisab yo, ak ensidan rayisab yo. Nan ane fiskal 2017 la, Sipèvizè Pwogram Nasyonal CRS la pou kominote MASSAH yo te fasilite fowòm sou krim rayisans toupatou nan peyi a, soti nan kòt lès (New York ak Pennsilvani), rive nan Mid-wès (Iowa, Nebraska, Kansas, ak Dakota disid), sou kòt lwès la. (Washington ak Oregon).

Kat pwogram CRS yo te priyoritèman adopte nan kominote MASSAH yo: ▼

Angaje epi bati patenarya ak Ameriken-Mizilman yo ak Ameriken-Sikh yo. CRS ofri pwogram konsyantizasyon pou kominote Ameriken-Mizilman ak Ameriken-Sikh ki gen entansyon pou familiarize lapolis ak ofisyèl gouvènman yo nan pi bon pratik pou gen bon jan entèraksyon ak kominote Mizilman ak Sikh yo. Fòmasyon an tou kapab fèt kòm yon pati nan yon inisyativ pi laj pou ranfòse relasyon yo ant ofisyèl lokal yo ak kominote Mizilman ak Sikh yo sèvi yo.

Fowòm sou Ensidan Patipri ak Krim Rayisans yo. Fowòm mwaye jounen sa a bay manb kominote yo ak lapolis enfòmasyon ki gen rapò ak lwa sou prevansyon Krim Rayisans Matthew Shepard ak James Byrd, Jr. an, menm jan pou ensidan patipri nan leta ak lokal yo ak lwa sou krim rayisans yo. Pwogram nan angaje lapolis lokal yo ak avoka distri yo, ansanm ak lapolis federal, pou pataje diskisyon ak enfòmasyon sou pwosesis pou konbat ak reponn kont ensidan patipri ak krim rayisans yo. CRS fasilite tou fowòm konsyantizasyon enfòmèl pou kominote a ak sesyon sou enfòmasyon pou ranfòse relasyon yo ant gwoup kominotè yo ak lapolis federal, leta ak / oswa lokal oswa lòt ajans gouvènman yo.

Fowòm pou Pwoteje Kote Adorasyon yo. Fowòm mwaye jounen sa a bay lidè ak kongregasyon ki baze sou lafwa yo enfòmasyon sou jan pou rekonèt menas krim rayisans sou relijyon, lokal, eta ak lapolis federal, ak mezi pou pwoteje kote pou adore yo kont krim rayisans ak lòt menas vyolans ki ka rive. Pwogram nan ankouraje aplikasyon yon pwogram sekirite, ki ofri pi bon pratik pou sekirite, ankouraje rezo ak kontak nan kominote a, epi li bay resous tankou egzanp plan pou sekirite ak repons kominotè yo.

Idantifikasyon Vil oswa Pwoblèm Lekòl & Rezolisyon Pwoblèm yo Ansanm (City-SPIRIT ak School SPIRIT): Pwogram rezoud pwoblèm ak rezolisyon uitèdtan sa a reyini reprezantan yo ki soti nan gouvènman lokal, kominote yo, òganizasyon ki baze sou lafwa yo, lapolis, ak lòt pou devlope apwòch kolaborasyon pou diminye tansyon ak adrese faktè ki kontribye konfli yo nan idantifye aksyon konkrè pati yo vle pran ansanm.

CRS opere nan tout nasyon an atravè dis biwo rejyonal ak kat (4) branch yo: ▼

CRS Katye Jeneral 🇺🇸

Washington, DC

Biwo Rejyonal CRS yo 📍

Nouvo Angletè

Boston, MA

Mitan-wès

Chicago, IL

Lwès

Los Angeles, CA

Nòdès

New York, NY

Sidwès

Dallas, TX

Nodwès

Seattle, WA

Mitan-Atlantik

Philadelphia, PA

Santral

Kansas City, MO

Biwo Andeyò CRS yo 📍

Miami, FL Houston, TX


Sidès

Atlanta, GA

Rocky Mountain

Denver, CO

Detroit, MI San Francisco, CA



Pou plis enfòmasyon sou sèvis CRS yo: ▼

Tanpri rele nou nan 202-305-2935, imèl nou sou askcrs@usdoj.gov or visit us at: www.justice.gov/crs.

@DOJ_CRS

[facebook.com/DOJCRS/](https://www.facebook.com/DOJCRS/)